

Kuongorora Vane Mukurumbira

Vadzidzi vachaongorora kuti vanhu vane mukurumbira uye nyaya dziri kupisa dzinogona kushandiswa uye dzakashandiswa sei pakuzivisa ruzhinji zvinenge zvichiitika. Vadzidzi vachasarudza munhu mumwe chete ane mukurumbira uye nyaya iri kupisa inogona kushandiswa pakuzivisa ruzhinji zvinhu zvakavakoshera.

Vane Mukurumbira uye Kurwira Kodzero

Chikamu Chekutanga

Udza Vadzidzi Vako

Kushandisa mifananidzo, zvidzidzo uye mienzaniso kubva kuvanhu vari mumabhuku aunofarira, mafirimu uye mapurogiramumu epaTV inogona kuva nzira yakanaka chaizvo yekushambadzira nhau yako. Kazhinji kacho, zvakaiteka kuvanhu vemumafirimu kunogona kuchinja pfungwa dzevanhu pakugadzirisa matambudziko chaiwo ari munyika.

Semuenzaniso, maonero anoita Harry Potter tuvashandi twemumba kunogona kuita kuti uve nehanya nekushandiswa kwevana sevaranda kana kuti kushandira munzvimbo dzisina kutsarukana muindasitiri. Pashure pekubudiswa kweAvatar yaJames Cameron, vazhinji vakada chaizvo kuchengetedza zvakatipoteredza. Vanhu vane unhu hwakanaka vanogona kuita kuti vamwe vade kuita zvakanaka, zvichiita kuti vave ndivo chaivo vanofanira kushandiswa pakushambadzira.

Muchishandisa purojekita, ratidzai pasikirini vhidhiyo yezvichangobva kuitika ingave ichizivikanwa nevadzidzi kuti musimbise nyaya yekushandisa vane mukurumbira pakurwira kodzero. Muenzaniso wekuUnited States (muChirungu) ndeyu: Harry Potter Fans Win Against Child Slavery by The Harry Potter Alliance. Mapedza kuratidza vhidhiyo yacho, tsanangura kuti sei wasarudza vhidhiyo iyi uye nei uchifunga kuti inoita pakuenzanisira kushandiswa kungaitwa vane mukurumbira.

Udza Vadzidzi Vako

Pabasa rekuita rinotevera, uchanyora shambadzo yako wega uchishandisa munhu ane mukurumbira kana kuti nyaya.

Basa Rekuita

Chikamu Chekutanga

Udza Vadzidzi Vako

Tichatenderera nekamuri rese toita kuti munhu ega ega ataure vanhu vashoma vaanofarira kana nyaya.

Mutambo Wekirasi

Ita kuti vadzidzi vataure vanhu vaviri kana vatatu vavanofarira kana nyaya. Zvadaro, isa vadzidzi muzvikwata zvevanhu vatatu vatatu zvichienderana nezvavanofarira.

Udza Vadzidzi Vako

Muri pamwe chete, sarudza munhu kana nyaya yamunogona kushandisa pakuudza vamwe nhau yakakosha kwamuri.

Muri pamwe chete, nyorai pasi mhinduro dzemibvunzo inotevera:

1. Ndiani munhu ane mukurumbira kwamuri kana kuti nyaya?
2. Nderipi dambudziko ramungada kugadzirisa muchishandisa munhu uyu kana kuti nyaya iyi?
3. Ifirimu ripi, mumhanzi, kana imwe nyaya isina hayo kuitika yamungashandisa pakushambadzira kwamuri kuita?
4. Mungashandisa sei izvi (zvakadai serwiyo, katuni, posita, nezvimwewo) pamunhu wamunofarira kuti mushambadzire nhau yamuri kuda kuzivisa ruzhinji?
5. Mungapa sei vamwe mashoko aya muchishandisa indaneti moudza vanhu vakawanda?